# Берашна Библи

Д1агойту

# 1иса дуьненчу валар



Автор: Edward Hughes

Иллюстраци йина: M. Maillot
Alastair Paterson

Адаптаци йина: E. Frischbutter; Sarah S.

Гочдар: www.christian-translation.com

Зорбане яьккхина: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
Лицензи: хьан копировать ян я зорбане яккха бакъо ю,
нагахь санна и копи йохка новкъа ца яьккхинехь.


Дуккха а зама хьалха
Далла цхьа жуьктийн
йо1 Марьям йолча
Джабраил малик
дахийтина.


Цо аьлла цуьнга: “Ахь
к1ант а вийра ву, 1иса
аьлла ц1е а туьллура ю.
Иза Дала ваийтина
к1ант хира ву. Цо
азаллехь
куьйгалла
дийра ду.”

“И муха хира ду?”- хьаьттина цецьяьллачу йо1а,- “Сан майра а ма ца хилла?” Малико Мареме, к1ант Делера хира ву аьлла. Цуьнан дуьненахь да хира вац.



Т1аккха малико Марьямега, цуьнан къона йоцучу шичин Елизаветин а хира ду бера, аьлла. Иза а дара тамашена х1ума.



Марьям Елизавета йолчу яхара.
Цу шиммо цхьаний а Далла хастам бира.



Марьям Иосифца мах бина яра. Иосифана вуно новкъа деара цуьнан бера хира дуй хиачи. Цунна цхьа кхин боьршастаг ву моьттура беран да.



Иосифега Делан малико и бера Делан к1ант ву аьлла, хаам бира. Иосиф Марьямана, 1иса лелош, г1о дан дезаш вара.



Иосиф теша а тешара, Далла муьт1ахь а вара. Иза а вара 1едална муьт1ахьволчарех.



Керла бакъо юкъаяларца, иза а, Марьям а даг1ара шаьш дуьнен т1е девллачу шахьаре Вифлееме ял охьайилла.



Мария бера дан
кийча яра.  Ткъа
Иосифана
цхьаннахьа а
х1усам ца
карайора.



Дерриге а
хьешан ц1енош
д1алаьцна
ъ дара.




Хала а, атта Иосфана божал карийра.
Цу чохь 1иса а вира. Марьямас Иза
хьаьвди чу виллира,
даьхьнешна
напха
дуьллуш
йолчу.

Гена боццуш жа1уй бара шайн дийшина 1аш долу жаш лардеш.



Делан малик а деана цаьрга хаза кхаъ баьккхира цо.




“Тахана Даудан шахьарахь шун г1оьнча дуьненчу ваьлла, 1иса Эла олуш волу…”

"… Шуна хьаьвди 1уьллуш долу бера карора ду."




Ц1аьххьана дукха маликаш даьхкира, Далла хастам кхайкхош, …


… “Далла бу Хастам, Стигахь а
дуьненчохь а машар,
адамашлахь беркат”.


Жа1уй божли чу хьаьвдира. Бера гича, цара х1ора дуьхьалакхеттачуьнга дийцира шайга 1исах лаьцна малико дийцинарг.

Шовзаткъа де даьлчи,
Марьяма а, Иосифас а
1иса Иерусалиман
арда чу валийра.



Цигахь Симеон олуш волчу стага Далла хастам кхайкхийра бера даларна.




Эцца хенахь къена жеро
Анна а яра Далла
хастам кхайкхош.
Шинне а хаьара
1иса Далла,
къинхетам
бохьуш,
ваийтина
к1ант
вуйла.

Иосифа саг1ийна ши олхазар дийра. Кьечу наха 1едалан бакъонашкахь даккхадезаш саг1а дара иза, дина бера Далла хьалха далочу хенахь.







Т1аьхьо шакепарчу
седано хьекъалан дай
балийра малхбалехьарчу
пачхьалкхера
Иерусалиме.


“Стенгахь ву Иза, Иудин Паччахь?” -хаьттира цара- “Тхо цунна гора х1итта даьхкина”.


Ирод паччахьан хезира 1иламдайх лаьцна. Сагаттадарна, дийхира цаьрга Иза карийча хаийтар.

“Суна а лаьа цунна гола х1отта“- элира Ирода. Цо аьшпаш боттара. Иродана 1иса вен лаьара.



Седано 1илмандай, ма багг1ара,
Марьям а Иосиф а бераца
1исаца бехаш болчу
ц1ийна т1е балийра.



Хастамбарца гола а х1иттина
некъахоша 1исана хьалдолуш
совг1аташ а, 1ат1арш
а делира.



Дала хаам бира
1илмандайшка,
юхадоьрзуш къайлаха
дуьйлалаш аьлла.
Ирод дера вара.



1иса вен луучу
оьг1азечу паччахьо
Вефлеемехь мел
долу божбера дийра.



Амма Иродега Делан к1антана зен ца далора. Г1енаха хаам кхаьчначу Иосифас Марьям а, 1иса а Мисара махка диганера.





Ирод велча, Иосифа Марьям а, 1иса а юха д1адигира.

Уьш жимачу, Галигейн хурдан юххехь йолчу шахьарахь бехаш бара.

1иса дуьненчу валар

Делан Дашца истории, Библи

чохь ю

Матвея 1-2, Луки 1-2

“Хьан дешнех бакъдерг кхетаме ду.”
Псалом 119:130

# Чаккхе

Х1окху Библин историно дуьйцу, хьо кхоьллинчу, Ша хьуна вевзийла луучу исбаьхьчу Делах лаьцна.

Далла хаьа Ша къа олуш долу вон х1умнаш вайгара дийлинийла. Ахь диначу къинна хьуна 1ожалла йог1у, амма Далла хьо сила ч1ог1а дукхавезарна шен цхьаъ бен воцу к1ант 1иса воуьйту, хьуна хьалхара ж1ара т1ехь вала а, ахь дина къинош такха а. Цул т1аьхьа 1иса, дуьнен т1е а вог1ий, юха стигала хьалавоьду! Иза хьан дахаре а веана, хьо цуьнца азаллехь вехара ву.

Хьо тешахь иза бакъ хиларх ала Деле: Хьомсара 1иса, со хьо Дела хиларх а теша, хьо сан къиношна хьалхара валархьама адам хиларх а теша. Х1инца хьо юха а дийна ву. Доьха Хьоьга, Хьайца цхьана дийнахь азаллехь хилархьама керла дахар доладайтахьа соьга, сан дахаре а волий гечдехьа суна сан къинош а. Г1одехьа Хьайна т1еверза а, Хьайн Бера санна ваха а. Амин.

Библи еша. Делаца денна а къамел де. Ивана 3:13